

Voye lajan aletranje
avèk plis konfyans.



Depans pou transfè lajan
entènasyonal pi fasil pou wè.



Consumer Financial
Protection Bureau

Lè w voye lajan bay fanmi, zanmi oswa lòt moun ki pa rete nan Etazini a, èske w konnen ki kantite lajan yo pral aktyèlman resevwa? Kounye a, li posib pou konnen *anvan* ou fè transfè a.

Pwoteksyon nouveau aplike lè w voye lajan aletranje.

Anvan ou peye, ou pral aprann plis sou:

- To echanj la
- Frè ak taks yo w pral peye
- Kantite lajan an ki pral resevwa

Epitou, w pral resevwa enfòmasyon sou:

- Kilè lajan an pral disponib nan destinansyon li
- Dwa w pou anile transfè a
- Kouman pou resevwa èd si erè fèt
- Kouman pou soumèt yon plent

Anpil founisè transfè lajan dwe founi enfòmasyon nouveau sa a, men pa tout. Lòt pwoteksyon gen dwa disponib ba w tou, depandan sou kouman ou voye lajan ak lwa nan eta w.

Pou aprann plis, rele Consumer Financial Protection Bureau (Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè) a nan
855-411-CFPB (2372).